

KISA TIBÈKILOZ LA YE?

Tibèkiloz (TB) se yon enfeksyon ki afekte poumon yo pi souvan epi gen yon bakteri ki responsab li. Li pwopaje nan lè a lè yon moun ki enfekte touse, estènnye oswa krache. Pafwa, tibèkiloz la ka afekte lòt pati nan kò a, tankou sèvo a, ren yo, oswa kolòn vètebral la. Si yo pa trete l byen, maladi Tibèkiloz la ka fatal.

KI DIFERANS KI GENYEN ANT ENFEKSYON TB KI PA AKTIF AK MALADI TB?

Moun ki gen Enfeksyon tibèkiloz ki pa Aktif yo (Latent TB Infection, LTBI) gen jèm tibèkiloz k ap dòmi nan kò yo epi yo pa santi yo malad. Anjeneral radyografi ya kapab nòmal epi lòt moun pa ka jwenn maladi a nan men ou. Li nesesè pou w pran medikaman pou w ka fè prevansyon kont devlopman maladi TB a.

Moun ki gen tibèkiloz yo vin **malad** akòz vin gen anpil jèm tibèkiloz ki aktif nan kò yo. Yo souvan gen youn oswa plis sentòm maladi a, epi yo ka simaye bakteri yo bay lòt moun.

- Gen nesesite pou trete maladi tibèkiloz la ak medikaman.
- Si yo pa trete l byen, yon moun ki gen maladi tibèkiloz ka gen gwo konplikasyon nan kesyon sante epi sa ka vin fatal.

KONPRANN REZILTA M YO

Yon tès negatif souvan siyifye ou pa enfekte ak tibèkiloz, sepandan, tès la ka bay manti si sistèm iminitè w pa p byen mache oswa si w fenk enfekte.

Anjeneral, li pran 2 jiska 8 semèn apre w te an kontak ak yon moun ki gen tibèkiloz pou sistèm iminitè w reyaji ak tès la.

Ekip swen sante w la pral fè w konnen si w bezwen fè yon lòt tès.

ENFÒMASYON ANPLIS SOU TB

Pwogram Kontwòl Tibèkilòz Depatman Sante Florida nan Alachua County (Florida Department of Health in Alachua County Tuberculosis Control Program)

352-225-4188

352-955-6464, Fax

Alachua.FloridaHealth.gov

Kote pou Kontwòlcak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention)

CDC.gov/TB

Revize nan dat 07/2024



**JWENN VRE
ENFÒMASYON KONSÈNAN
TIBÈKILOZ**



ÈSKE MWEN BEZWEN YON TÈS TB?

Pale avèk doktè swen sante w la konsènan fason pou w fè yon tès TB si w:

- Te an kontak yon moun ki gen maladi TB ki aktif.
- Gen enfeksyon VIH, oswa yon sistèm iminitè ki fèb.
- Gen sentòm maladi TB a tankou yon fyèv, swe nan nuit, tous, oswa w ap pèdi pwa.
- T ap viv nan yon peyi kote anpil moun gen TB.
- Ap viv oswa travay nan yon mezon retrèt, yon klinik, yon lopital, yon prizon, oswa yon refij pou moun ki sanzabri.
- Ap pran dwòg ilegal.

KI TÈS TB YO OFRI?

Gen de (2) kalite tès pou enfeksyon TB aktyèlman, tès san pou TB ak tès sou pou pou TB.

Administrasyon pou Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food and Drug Administration) an te apwouve de (2) tès san pou maladi TB. Yo rele yo tès pou dekte Liberasyon Entèferon-Gama (Interferon- Gamma Release Assays) oswa IGRA:

- QuantiFERON® - TB Gold In-Tube (QFT-GIT)
- SPOT® (T-Spot) - **PA DISPONIB NAN DEPATMAN SANTE NAN Alachua County (DOH-Alachua)**

ÈSKE MWEN DWE FÈ YON TÈS SAN OSWA TÈS PO POU TB A?

Nan pifò ka, ou ka fè swa yon tès san oswa yon tès po pou TB a. Tès po a pi bon pou timoun ki gen mwens pase 5 lane yo pase tès IGRA a.

Selon sitiyasyon w, doktè w la pral detèmine ki tès k ap bon pou ou.

- Pou w fè yon tès san, w ap gen nesite pou w al vizite yon laboratwa.
- Ak yon tès po, w ap gen bezwen de (2) vizit, premye a se pou plase tès la epi apre 48 jiska 72 èdtan, w ap gen pou w retounen pou yo ka evalye zòn tès la te fèt nan po a epi pou w ka resevwa rezilta a.

KONPAREZON TÈS SAN AK TÈS PO A

Konparezon	TST	IGRA
Itilize pou detekte Enfeksyon TB a	WI	WI
Itilize pou dyagnostike maladi TB a	NON	NON
Bezwen yon vizit nan laboratwa	NON	WI
Mwens depans	WI	NON
Pi bon pou moun ki gen antesedan vaksen BCG	NON	WI



KI KOTE M KA JWENN YON TÈS TB?

Ou ka jwenn yon tès po oswa tès san nan men doktè swen sante ou a oswa nan depatman sante lokal ou a. Mande doktè ou a epi dekouvri kiyès nan yo ki bon pou ou. Ou ka bezwen pou w ale nan yon laboratwa pou w fè tès la.

SA K AP PASE SI M TE PRAN YON VAKSEN BCG?

Vaksen Kont Tibèkiloz (Bacille Calmette-Guérin, BCG) se yon vaksen pou tibèkiloz. Yo pa itilize vaksen sa anpil Etazini, men yo souvan bay tibebe ak timoun piti nan lòt peyi kote gen anpil moun ki gen tibèkiloz.

Anjeneral, vaksen BCG a pa pwoteje granmoun kont tibèkiloz. Ou ka toujou pran enfeksyon tibèkiloz la oswa maladi tibèkiloz la menmsi ou te pran vaksen BCG a.

Fè pwofesyonèl swen sante ou a konnen si ou te deja pran vaksen BCG a kont tibèkiloz.